

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nganalisis struktur carita sarta maluruh babandingan citra wanoja anu digambarkeun ku tokoh utama wanoja dina novél anu béda. Objék dina ieu panalungtikan nya éta nyokot tina *rumpun* sastra Sunda wangun novél anu judulna *Galuring Gending* karya Tatang Sumarsono, jeung tina *rumpun* sastra Indonésia anu judulna *Ronggeng Dukuh Paruk* karya Ahmad Tohari. Hal-hal anu dipaluruh dina ieu panalungtikan nya éta ngeunaan (1) struktur carita novél *Galuring Gending* karya Tatang Sumarsono jeung novél *Ronggeng Dukuh Paruk* karya Ahmad Tohari, (2) babandingan tokoh utama wanoja, sarta (3) citra wanoja anu ngawengku citra fisik, psikis, kalungguhanna di kulawarga, jeung kalungguhanna di masarakat. Ari tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tiori struktural Robert Stanton, tiori feminis ideologis anu nyoko kana citra wanoja, sarta dideudeulan ku tiori sastra bandingan anu nyoko ka tokoh utama wanojana wungkul. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif analisis kalayan maké téhnik talaah pustaka. Ari instrumén panalungtikan anu dipaké pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan, nya éta mangrupa kartu data struktural, kartu data citra wanoja, jeung tabél babandingan.

Novél *Galuring Gending* jeung novél *Ronggeng Dukuh Paruk* miboga téma anu méh sarua, nya éta pada nyaritakeun lika-likuna kahirupan hiji wanoja anu ilubiung dina dunya seni tari. Tokoh utama wanoja dina novél *Galuring Gending* nya éta Sarah, ari dina novél *Ronggeng Dukuh Paruk* ngaranna Srintil. Galur nu digunakeun pangarang dina dua novél éta ngagunaken galur campuran (maju-mundur), anu ditandaan ku nyaritakeun carita dina mangsa nu geus kaliwat demi nyiptakeun carita anu gembleng. Latar tempat umum nu aya dina novél *Galuring Gending* nya éta di kota Bandung, ari dina novél *Ronggeng Dukuh Paruk* mah di lembur Dukuh Paruk. Sedengkeun latar sosial anu kapaluruh dina novél *Galuring Gending* ilaharna kaasup kana masarakat kelas tengah-atas, ari dina novél *Ronggeng Dukuh Paruk* masih dina kelas handap (*lower class*). Boh dina novél *Galuring Gending* boh novél *Ronggeng Dukuh Paruk*, pangarang ngagunakeun puseur implengan kahiji dina nepikeun caritana, sok sanajan sababaraha bagian dina novél *Ronggeng Dukuh Paruk* aya nu ngagunakeun pihak katilu dina nepikeun caritana, dina harti pangarang dianggap sagala nyaho kana sagala rupaning pikiran katut bubuatan tokoh carita. Tina dua novél anu béda *rumpun*, ogé kapaluruh aya sawatara gaya basa anu digunakeun pangarang pikeun ngamamanis eusi caritana sangkan bisa ngirut nu maca. Patali jeung éta hal, tangtu pangarang miboga ciri hasna séwang-séwangan dina nepikeun caritana.

Tokoh anu jadi puseur dina ieu panalungtikan, nya éta nyoko ka tokoh utama wanoja nu aya dina dua novél éta, Sarah jeung Srintil. Sabada dibandingkeun dumasar aspék fisik, watek, kasang tukang sosial, pakasaban, jeung tokoh superior anu deukeut jeung tokoh utama wanojana, tétéla tokoh Sarah jeung Srintil miboga sasaruana. Dumasar kana hasil analisis babandingan éta, kapaluruh yén dina aspék fisik jeung pakasabanana, tokoh Sarah jeung Srintil digambarkeun salaku wanoja sampurna anu mindeng némbongkeun kamonésanna di panggung. Ari watek antara Sarah jeung Srintil mah rada béda, Sarah leuwih *modern* tibatan Srintil, Sarah leuwih wani nepikeun kamandangna kana hiji hal tibatan Srintil anu teu weléh ngagugu kana rupa-rupa paréntah. Saupama ditilik tina tokoh lalaki anu ngarojong tokoh utama wanoja, tétéla tokoh anu kungsi jadi pamuntangan tokoh utama wanojana téh jumlahna sarua. Tokoh superior lalaki anu deukeut jeung tokoh wanoja dina novél *Galuring Gending* nya éta 'Bapa' jeung Panji, ari dina novél *Ronggeng Dukuh Paruk* mah nya éta Rasmus jeung Pa Bajus.

Patali jeung citra wanoja anu digambarkeun ku unggal tokoh utama wanoja dina éta novél, katitén yén *visualisasi* dua tokoh éta ditilik tina segi fisikna kaasup kana *kategori* wanoja anu sampurna. *Penggambaran* tokoh wanoja anu sampurna téh tétéla mindeng dipatalikeun jeung diskriminasi gender, sabab dina éta novél kageulisan wanoja dijadikeun alat pikeun nyumponan kahayang birahi kaum lalaki wungkul.

Tokoh Sarah jeung Srintil kudu ngarandapan hal-hal anu kaasup kana *eksploitasi* fisik wanoja. Éta *eksploitasi* téh balukarna kana kaayaan mental, tokoh Sarah jeung Srintil ngarasa geus leungiteun hakékat wanoja anu saenyana. Manéhna leungiteun harepan jeung *jati diri*. Hal anu dibutuhkeun dina kaayaan mental anu siga kitu téh nya éta ku ayana pamuntangan. Ku kituna, tokoh lalaki dina dua novél éta jadi pamuntangan tokoh utama wanoja dina nandangan kasusah. Sacara teu langsung ieu hal téh nuduhkeun yén kaum wanoja aya dina tingkatan *inferior* anu leuwih handap tibatan lalaki.

Tangtu hiji jalma pasti teu leupas ti jalma séjénna. Ku kituna, dina citra wanoja aya nu disebut citra sosial anu ngawengku kana kalungguhan tokoh utama wanoja di kulawarga jeung kalungguhanna di masarakat. Kalungguhan tokoh utama wanoja di kulawarga anu kagambar dina novél *Galuring Gending* jeung novél *Ronggeng Dukuh Paruk*, nya éta salaku harepan dina ngaronjatkeun darajat kulawargana, hususna dina widang ékonomi. Ambahan anu leuwih lega tibatan kulawarga nya éta jadi harepan masarakat sa-padukuhan, éta anu karandapan ku Srintil dina novél *Ronggeng Dukuh Paruk*. Lingkung nu leuwih lega tibatan kulawarga, nya éta lingkung masarakat. Citra sosial masarakat anu ditémbongkeun ku tokoh Sarah jeung Srintil nya éta luhungna sikep sosial jeung *toleransi* ka jalma-jalma nu aya di sabudeureunana.

Ratna Kumalasari, 2018

BABANDINGAN CITRA WANOJA DINA NOVÉL GALURING GENDING KARYA TATANG SUMARSONO JEUNG NOVÉL RONGGENG DUKUH PARUK KARYA AHMAD TOHARI (Ulitan Struktural jeung Feminisme)

Universitas pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Éta hal nuduhkeun yén teu salawasna hal anu dianggap goréng téh bakal terus goréng, sasieureun sabeunyeureun pasti aya kahadéanana. Kitu ogé nu karandapan ku Sarah jeung Srintil, sok sanajan maranéhna dianggap négatip tapi dina haté leutikna masih aya niat pikeun kahadéan kahareupna.

5.2 Implikasi

Implikasi tina hasil nganalisis unsur struktural jeung babandingan citra wanoja dina novél *Galuring Gending* karya Tatang Sumarsono jeung novél *Ronggeng Duku Paruk* karya Ahmad Tohari, nya éta dipiharep bisa ngaronjatkeun panalungtikan sastra, hususna anu medar ngeunaan feminis ideologis (citra wanoja) anu dideudeulan ku sastra bandingan. Tétéla masih loba hal anu kudu diguar ngaliwatan sastra bandingan anu nyoko kana tokoh carita dina karya sastra. Ku kituna, pikeun mahasiswa, dipiharep ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi hususna anu patali jeung babandingan citra wanoja.

5.3 Rékoméndasi

Aya sababaraha rékoméndasi anu ditepikeun panulis pikeun sawatara hal kahareupna.

- 1) Perluna ngaronjatkeun panalungtikan sastra, Ku kituna, pikeun panalungtikan saterusna dipiharep bisa leuwih jero deui dina nalungtik bandingan tioritis.
- 2) Pikeun panalungtik saterusna, hususna anu nalungtik ngeunaan feminisme, dipiharep bisa leuwih nyosok jero jeung leuwih museur kana pedaran feminismena.
- 3) Ieu panalungtikan mangrupa bagian leutik tina ambahan panalungtikan anu lega. Dipiharep panalungtikan saterusna bisa ngagunakeun pamarekan séjén pikeun ngajembaran pangaweruh kana panalungtikan sastra.
- 4) Pikeun masarakat umum, dipihareup bisa gawé bareng dina ngaronjatkeun budaya literasi, sabab ku loba maca bisa ngawewegan pangaweruh sarta bisa nyitak generasi anu leuwih kritis dina nyanghareupan pasualan-pasualan nu nyampak di jaman kiwari.